

## INTERAKSI BASA ING NOVEL NGLARI WOTING ATI

ANGGITANE FITRI GUNAWAN

(Tingkatan Sosiostilistika)

NOVIA SRI KHASNA AMANIAH

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas  
Negeri Surabaya

[noviaamaniah16020114031@mhs.unesa.ac.id](mailto:noviaamaniah16020114031@mhs.unesa.ac.id)

**Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas  
Negeri Surabaya

### ABSTRAK

Variasi sajrone basa ora mung jalaran panutur sing ora homogen, nanging uga jalaran kagiyatan interaksi sosial sing dilakokake ana maneka warna. Saben kagiyatan merlokake utawa njalari keragaman basa kasebut. Variasi mligine alih kode, campur kode bakal dibahas sajrone panliten iki. Alih kode minangka pristiwa alih kode teka salah siji kode sajrone kode liyane. Dene campur kode yaiku panganggone unsur-unsur basa liya nalikane nggunakake basa tartamtu. Panliten iki uga nliti ngenani bab stilistika, stilistika yaiku ilmu sing nliti gaya basa. Stilistika sing ditengenake ing kene yaiku bab gaya basa. Gaya basa yaiku cara kanggo nguntapake pamikiran lumantar basa kanthi *estetik* kang nuduhake kapribadining panulis utawa panganggone basa. Panliten iki nduweni ancas kanggo ngandharake lan njlentrehake babagan-babagan (1) modhel variasi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan, (2) wujud campur kode kang ngrenggani interaksi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan, (3) modhel gaya basa kang ana ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan. Panliten iki nduweni tujuwan kanggo ngasilake dheskripsi ngenani modhel variasi basa, wujud campur kode, lan modhel gaya basa kang ana sajrone novel Nglari Woting Ati. Panliten iki kalebu jinise panliten dheskriptif kanthi pamarekan kualitatif. Metodhe sajrone nganalisis dhata nggunakake metodhe distribusional lan metodhe agih. Asil panliten iki yaiku dheskripsi ngenani wujud interaksi basa ing novel Nglari Woting Ati. Variasi basa mligine alih kode ana 4 kedadayan, dene campur kode ana 58 kedadayan. Dene gaya basa ana 4 kedadayan.

**Tembung-tembung wigati: alih kode, campur kode, gaya basa, novel Nglari Woting Ati.**

## **ABSTRAK**

Variasi dalam bahasa tidak hanya dikarenakan penutur yang tidak homogen, tetapi juga karena banyaknya kegiatan interaksi sosial. Setiap kegiatan memerlukan atau menyebabkan keragaman bahasa tersebut. Variasi khususnya alih kode, campur kode akan dibahas di dalam penelitian ini. Alih kode merupakan peristiwa alih kode dari salah satu kode dalam kode lainnya. Sedangkan campur kode yaitu penggunaan unsur-unsur bahasa lain ketika menggunakan bahasa tertentu. Penelitian ini juga meneliti tentang stilistika, stilistika yaitu ilmu yang meneliti gaya bahasa. Stilistika yang lebih ditekankan dalam penelitian ini adalah gaya bahasa. Gaya bahasa yaitu cara untuk mengungkapkan pemikiran melalui bahasa secara estetik yang menunjukkan kepribadian penulis atau pengguna bahasa. Penelitian ini memiliki tujuan untuk menjelaskan dan menjabarkan tentang (1) model variasi bahasa dalam Novel Nglari Woting Ati karya Fitri Gunawan, (2) wujud campur kode dalam interaksi bahasa di novel Nglari Woting Ati karya Fitri Gunawan, (3) model gaya bahasa yang terdapat dalam novel Nglari Woting Ati karya Fitri Gunawan. Penelitian ini memiliki tujuan untuk menghasilkan deskripsi tentang model variasi bahasa, wujud campur kode, dan model gaya bahasa yang terdapat dalam novel Nglari Woting Ati karya Fitri Gunawan. Penelitian ini tergolong dalam jenis penelitian deskriptif dengan pendekatan kualitatif. Metode dalam menganalisis data menggunakan metode distribusional dan metode agih. Hasil penelitian ini yaitu deskripsi tentang wujud interaksi bahasa dalam novel Nglari Woting Ati, variasi bahasa khususnya alih kode terdapat 4 kejadian, campur kode terdapat 58 kejadian, sedangkan gaya bahasa terdapat 4 gaya bahasa.

**Kata kunci:** alih kode, campur kode, gaya bahasa, novel Nglari Woting Ati.

## **ABSTRAK**

Variation in language is not only due to speakers who are not homogeneous, but also because of the many activities of social interaction. Every activity requires or causes diversity of languages. Variations, especially code switching, code mixing will be discussed in this study. Code switching is a code switching event from one code in another. Whereas mixed code is the use of elements of other languages when using certain languages. This study also examines stylistics, *stylistica*, the science that examines language style. Stylistics that are more emphasized in this study is the style of language. Language style is a way to express thoughts through language aesthetically which shows the personality of the writer or user of the language. This study aims to explain and describe (1) the language variation model in the novel *Nglari Woting Ati* by Fitri Gunawan, (2) the form of mixed code in language interaction in the novel *Nglari Woting Ati* by Fitri Gunawan, (3) the style of language models contained in the novel *Nglari Woting Ati* by Fitri Gunawan. This study aims to produce a description of the language variation model, the form of code mixing, and the language style model contained in the novel *Nglari Woting Ati* by Fitri Gunawan. This research belongs to the type of descriptive research with a qualitative approach. The method of analyzing data uses the distributional method and the aggregate method. The results of this study are a description of the form of language interaction in the novel *Nglari Woting Ati*, variations in language, especially code switching there are 4 events, mixed code there are 58 events, while the language style there are 4 styles of language.

**Keywords: code switching, mixed code, language style, Nglari Woting Ati novel.**

## PURWAKA

### 1.1 Landhesane Panliten

Basa minangka sarana komunikasi sing wigati banget tumrap kauripane manungsa. Sajrone urip bebrayan, manungsa padha nggunakake basa kanggo sarana komunikasi. Basa ing dunya iki ana akeh banget, ing Indonesia wae wis akeh ragam basa, salahsijine yaiku basa Jawa. Basa Jawa yaiku basa sing digunakake karo suku Jawa kang manggon ing Pulau Jawa. Mula saka iku, basa minangka piranti utawa alat kanggo komunikasi. Basa kalebu objek linguistik (Verhar, 2010:6). Basa mujudake bab sing wigati tumrap panguripan. Lumantar basa manungsa bisa komunikasi marang wong liya. Selaras karo andharane Basir (2010:3) ngandharake yen basa mujudake *instrument* sing wigati sajrone panguripane manungsa sing nggambarake *etos* lan *karakter* pribadhi lan ukuran budaya masyarakat sawijine bangsa. Nababan (1987:27) ngandharake yen “masyarakat Indhonesia mujudake masyarakat kang *bilingual* utawa dwibasa, yaiku masyarakat sing bisa nguwasani luwih saka siji basa yaiku basa dhaerah, basa Indhonesia, lan basa asing”. Masyarakat *bilingual* utawa dwibasa akeh banget ditemokake ing Indhonesia. Amarga ing negara Indhonesia akeh sing nguwasani basa, tuladhane yaiku basa Indhonesia, Mandarin, Jawa, Batak, Sunda, Madura, lan sapanunggalane. Dene wong sing nindakake dwibasa uga mesthi nggunakake kontak basa. Sajrone kontak basa, mesthi nuwuhake alih kode lan campur kode. Komunikasi kanthi nggunakake rong basa

utawa luwih iki sing njalari anane alih kode lan campur kode. Saengga bisa didudut yen campur kode lan alih kode minangka perangan saka linguistik.

Nababan (1987:28) ngandharake yen campur kode yaiku rong basa utawa luwih sing nyampur sajrone nindakake komunikasi. Dene miturut Basir (2010:79) ngandharake campur kode yaiku proses panganggone rong basa utawa luwih sing digunakake kanthi nglebokake unsur-unsur basa siji menyang basa liyane sajrone klausa kang padha. Campur kode yaiku (1) *interferensi* lan (2) panganggone basa siji sajrone basa liyane kanggo ngambakake ragam basa sing sajrone iku ana panganggone tembung, klausa, *idiom*, panyapa, lan sapanunggalane (Kridalaksana sajrone Purnanto,2002:27). Campur kode bisa ngepenakake wong sing dwibasa kanggo komunikasi ing sabendinane. Amarga yen ana tembung sing dirasa angel jalaran kurang nguwasani basa sing digunakake sajrone pacaturan, wong kasebut bisa nggunakake tembung saka basa liya. Miturut Chaer lan Agustina (2010:114) ing campur kode ana kode kang utama utawa kode dhasar sing digunakake kang nduweni piguna minangka sawijine kode. Panggunaan campur kode bisa dititiki, titikan kang paling cundhuk sajrone campur kode yaiku panggunaan basa sajrone kahanan *informal*, kayata cecaturan karo kanca, lan sapanunggalane. Dene panggunaan basa ing kahanan *formal* jarang ditemokake campur kode. Yen kepeksa ditemokake campur kode sajrone panggunaan basa ing kahanan *formal*

biyasane disebabake amarga ora ana tembung utawa pocapan sing trep sajrone basa kang digunakake, saengga nggunakake ungkapan saka basa liya. Miturut Basir (2010:80) anane campur kode amarga (1) anane wewatesan tembung sing padha, (2) pangaribawa pihak kaloro, (3) kurang mandegani kode sing digunakake, lan (4) pangaribawa unsur *prestise*. Dene tegese alih kode miturut Appel sajrone Chaer (1995:141) nggolongake alih kode minangka tanda owahe panggunaan basa amarga owahe kahanan. Dene miturut Himes sajrone Chaer (1995:142) ngandharake yen alih kode ora mung kedadeyan ing sawijining basa, nanging bisa uga kedadeyan ing antarane ragam-ragam utawa gaya-gaya sing ana sajrne sawijine basa. Dene bab kang njalari anane alih kode iki ana macem-macem, miturut Fishman sajrone Chaer (1995:143) ngandharake yen sapa sing ngandharake, nggunakake basa apa, marang sapa, kapan, lan kanthi tujuwan apa. Sajrone kapustakan linguistik diandharake bab kang njalari alih kode, lumrahe yaiku (1) panutur, (2) mitra tutur, (3) owahe kahanan kanthi anane wong katelu, (4) owahe kahanan saka *formal* menyang *informal* utawa sewalike, (5) owahe topik bahasan.

Interaksi basa sing diteliti sajrone novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan iki ora mung ngenani campur kode lan alih kode, nanging uga ngenani gaya basa. Gaya basa sajrone karya sastra minangka bab sing kagolong wigati. Amarga saka anane gaya basa bisa ndadekake alur crita sing digambarake dadi luwih cetha lan narik kawigaten uga nduweni nilai *estetika* utawa seni. Bab kasebut slaras karo kang diandharake dening Gorys Keraf (2006:

113) gaya basa utawa kang sinebut *style, style* asale saka basa Latin *stilus* kang ateges kaya piranti kanggo nulis ing lilin. Gaya basa yaiku cara kanggo nguntapake pamikiring lumantar basa kanthi *estetik* kang nuduhake kapribadining panulis utawa panganggone basa.

Campur kode lan alih kode sing umume ana sajrone pacaturan lisan, uga bisa kedadeyan ing pacaturan dhiolog (basa lisan sing katulis) antar paraga sajrone novel utawa karya sastra liyane. Sajrone novel kanthi irah-irahan Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan iki akeh ditemokake campur kode lan alih kode. Pamilihan novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan minangka objek panliten adhedhasar maneka alesan, antarane yaiku novel iki kalebu novel lawas kang kacetak kapisanan ing taun 2012, dene cetakan kaloro yaiku ing taun 2015. Ateges kurang luwih wis ana 7 taun novel iki kacetak nanging durung ana sing nлити bab interaksi basa sajrone novel kasebut, lan novel iki kalebu novel sing narik kawigaten amarga titik akeh nyeritakake ngenani kuliyah lan urip ing luwar negeri kanthi ngrembakake budaya Jawa.

## 1.2 Undere Panliten

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, underan panliten yaiku:

- (1) Kaya ngapa modhel variasi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan?
- (2) Wujud campur kode kaya ngapa kang ngrenggani interaksi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan?

- (3) Kepriye modhel gaya basa kang ana ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan?

### 1.3 Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, tujuwane panliten yaiku:

- (1) Mangerteni modhel variasi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.
- (2) Mangerteni wujud campur kode kaya ngapa kang ngrenggani interaksi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.
- (3) Mangerteni modhel gaya basa kang ana ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan?

### 1.4 Paedahe Panliten

#### 1.4.1 Paedah Teoritis

Panliten iki diajab bisa menehi sumbangsih marang pangrembakane teori sosiostilistika. Uga minangka bukti aspek basa ngenani interaksi basa kang isih sesambungan karo aspek bebaskan sajrone dhialog ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.

#### 1.4.2 Paedah Praktis

- (1) Panliten iki diajab bisa menehi sumbangan materi pelajaran basa Jawa tumrap guru utawa pendhidhik basa Jawa.
- (2) Panliten iki diajab bisa nambah koleksi ngenani panliten linguistik mligine linguistik basa Jawa .

- (3) Panliten iki diajab bisa menehi informasi ngenani campur kode lan alih kode sing digunakake sajrone novel Nglari Woting Ati.
- (4) Panliten iki diajab bisa kanggo bandhingan sajrone panliten sabanjure.

### 1.5 Watesane Panliten

Sajrone panliten iki ana watesane panliten. Bab iki ana supaya panliten bisa fokus lan ora metu saka masalah sing bakal dibahas. Masalah saka panliten iki diwatesi saka variasi basa, campur kode, lan gaya basa kang digayutake sajrone dhialog ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.

### 1.6 Panjlentrehe Tetembungan

- (1) Tintingan Sosiostilistika

Sosiostilistika yaiku tintingan kang asale saka gabungan teori sosiologi lan stilistika. Minangka dhisiplin ilmu, sosiolinguistik ngaji ngenani basa lan panganggone basa sajrone konteks sosial lan budaya sing ana ing masyarakat (Basir,2016:11). Dene Stilistika yaiku ilmu sing mbahas ngenani basa sing digunakake sajrone karya sastra lan pengetrapane linguistic sajrone panliten gaya basa (Harimurti Kridalaksana, 2001:202)

- (2) Alih kode

Alih kode (code switching) dhasare yaiku minangka kedadeyan owahe panganggone sawijining kode ing kode liyane (Basir, 2016:127).

- (3) Campur kode  
Campur kode (code mixing) yaiku proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur-unsur basa siji menyang basa liyane sajrone klausa sing padha (Kachru lan Thelander sajrone Basir, 2016:131).
- (4) Dwibasa  
Dwibasa yaiku kabiasaan nggunakake rong basa sajrone interaksi karo wong liya. (Basir, 2016:31)
- (5) Gaya basa  
Gaya basa utawa style yaiku (1) asiling pamikir pangripta kang diolah dadi basa kang endah banjur dilebokake sajrone karyane, (2) panggunaan ragam tartamtu kanggo pikantuk efek-efek tartamtu, (3) sekabehane

## 1.7 Sosiolinguistik

Suwito lumantar Appel ngandharake miturut sosiolinguistik, basa minangka sistem sosial, komunikasi uga kagolong bageyane masyarakat lan kabudayane. Dene pangetrapane basa minangka wujud interaksi nyata sajrone kahanan sosial. Miturut sosiolinguistik, basa ora kagolong internal, nanging dideleng minangka sarana interaksi/ komunikasi sajrone masyarakat. Dene miturut Hudson sajrone Basir (2016:10) ngandharake yen sosiolinguistik minangka sawijine studi ngenani basa minangka piranti komunikasi kanggo masyarakat. Dene Joshua A. Fishman sajrone Basir (2016:10) ngandharake sosiolinguistik kanthi luwih spesifik lan amba kang nduweni gandheng ceneng karo partisipan komunikasi lisan kang ana ing tingkatan sosial. Saka maneka

andharan ing ndhuwur bisa didudut sosiolinguistik yaiku perangan ilmu basa kang asipat interdisipliner, yaiku campuran saka ilmu sosiologi lan linguistik.

### 1.7.1 Variasi Basa

Miturut Chaer lan Agustina (2004:62) variasi basa bisa dithithiki adedhasar panutur lan panganggone. Adedhasar panutur yaiku bab sing njelasake sapa (panutur) sing nuturake nganggo basa kasebut, dituturake ana ngendi, apa status soziale, nduweni *gender* apa, lan kapan basa digunakake. Dene adedhasar pangetrapane yaiku kanggo apa basa iku digunakake, digunakake ing bidang apa, apa wae piranti sing diperlokake, lan kaya ngapa kahanane. Ana macem-macem jinis variasi basa, ana variasi saka panutur, saka panganggone, kahanane, lan saka saranane.

### 1.7.2 Alih Kode

Alih kode ditegesi minangka pristiwa anane proses alih basa sing dijalari merga anane kahanan (Appel sajrone Chaer, 2004:107). Alih kode nduweni ciri-ciri, ciri kang paling utamane yaiku: 1) Piranti sajrone komunikasi kang trep yaiku nggunakake basa, lan 2) kahanan lan fungsi basa bisa nyawiji lan selaras sajrone konteks sing dianggo. Ing alih kode, panutur kudu njupuk saora-orane sak ukara utawa sak klausa. Dadi ora njupuk mung saperangan tembung utawa frasa saka kode liya. Sajrone alih kode, unsur basa liya sing dijupuk yaiku unit sintaksis sing luwih gedhe, ora sewates unsur leksikon. (Poedjosoedarma sajrone Basir, 2016:128). Miturut Basir (2016:129) Alih kode nduweni rong sipat, alih kode dipantha dadi loro, yaiku 1) alih kode permanen, lan 2) alih

kode sawetara. Teges alih kode permanen yaiku anane alih kode sing asipat mutlak, bisa ditegesi minangka alih kode sing kudu ngganti kode wicara tumrap mitra tuture. Dene alih kode sawetara bisa ditegesi wujud alih kode kang ora mutlak utawa ora sawetara. Ing bab iki panutur nuturake bab kanthi nggunakake basal an ragam basa sing wis biyasa digunakake. Banjur, gantiyan panutur nggunakake kode liya, nanging pungkasane bakal dibacutake nganggo basa utawa ragam sing wis digunakake ing wiwitan.

### 1.7.3 Campur Kode

Saliyane alih kode, ana campur kode kang ana ing panganggone basa ing bab bilingualisme. Alih kode lan campur kode nduweni gandhengeneng sajrone basa. Nanging kalorone nduweni makna sing ora padha. Alih kode luwih cundhuk ing fungsi kontekse lan kahanane. Dene campur kode ditegesi minangka proses anane unsur-unsur basa siji menyang basa liyane ing klausa sing padha. (Kachru lan Thelander sajrone Basir, 2016:131). Ohoiwutun (2002:71) nduweni panemu bab-bab kang njalari anane campur kode. bab-bab kasebut dipantha dadi rong bab, yaiku:

#### 1) Kabutuhan

Bab kapisan sing njalari campur kode yaiku amarga kabutuhan. Yaiku panutur dirasa luwih gampang nggunakake campur kode. Saengga panutur luwih milih nggunakake campur kode kanggo nggampangake nyatakake maksud panutur. Tuladhane kayata wong sing kerja ana ing bandhara nggunakake tembung *landing gear* lan *run-up* sing dianggep ora ana padanane

sajrone basa Indonesia. Tembung *landing gear* bisa ditegesi piranti ing roda pesawat. Dene *run-up* nduweni teges mesine pesawat sing wis dipanasi nganggo metodhe tartamtu. Saka tuladha kasebut, bisa dimangerteni yen panggunaane campur kode amarga kabutuhan luwih digunakake panutur kanggo nggampangake maksud tuturan. Panggunaane basa Inggris sajrone tuladha ing dhuwur, nduweni maksud kanggo nggampangake tuturan, supaya tuturan asipat singkat, cetha, lan ora dwimakna.

#### 2) Motif *Prestise*

Motif *prestise* iki beda karo jalaran kabutuhan. Motif *prestise* iki luwih cundhuk ing panutur kang nudhuhake status keterpelajarane. Campur kode kanthi motif iki biyasane mung bisa ditemokake ing kahanan sing ora resmi utawa ora formal. Biyasane motif iki bisa gawe panutur ngrasa luwih pinter nalika nggunakake lan nuturake campur kode.

### 1.8 Stilistika

Stilistika ngilingake ngenani *style* utawa gaya. Sajrone *Kamus Besar Basa Indonesia* (2005: 859) tembung stilistika ateges ilmu ngenani pangetrepane basal an gaya basa sajrone karya sastra. Gaya sajrone bab iki ngacu ing panganggone basa sajrone karya sastra. Kajian iki ditujokake kanggo ngandharake bab sing nduweni gegayutan karo basa. Stilistika mbahas ngenani wacana sastra sing gegayutan karo linguistik yaiku mbahas ngenani cara panulis ngripta karya sastrane saengga bisa menehake pengaruh tartamtu. Harimurti Kridalaksana



(2001: 202) stilistika yaiku (1) ilmu sing mbahas ngenani basa sing digunakake sajrone karya sastra, (2) pengetrapane linguistic sajrone panliten gaya basa.

### 1.8.1 Gaya Basa

Stilistika yaiku ilmu sing nлити gaya basa, nanging pangerten ngenani gaya basa akeh banget artine ananging nudhuhake anane bab kang padha. Miturut Enkvist sajrone Aminuddin, 1995: 6) yaiku (1) gaya minangka wadhah kanggo mbungkus asiling pamikir utawa andharan kang wis ana sadurunge, (2) gaya minangka pilihan saka maneka andharan kang wis cumepak, (3) gaya minangka ciri kapribadening pangripta, (4) gaya minangka wujud aturan kang nerak paugeran, (5) gaya minangka kumpulan ciri kolektif, lan (6) gaya minangka wujud gegayutan antarane satuan basa sing dinyatakake minangka teks kang luwih dhisik saka ukara. Dene miturut *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia Yang Disempurnakan* (2007), gaya basa ana patang werna, (1) majas perbandingan (alegori, alusio, simile, metafora, antropomorfemis, sinestesia, antonomasia, aptronym, metonemia, hipokorisme, litotes, hiperbola, personifikasi, depersonifikasi, pars prototo, totum proparte, eufemisme, disfemisme, fable, parable, perifrasi, eponym, lan simbolik), (2) majas *penegasan* (apofasis, pleonasme, repetisi, paraima, aliterasi, paralelisme, tautology, sigmatisme, antanaklasis, klimaks, antiklimaks, inversi, retorik, ellipsis, koreksio, silepsis, lan zeugma), (3) majas *pertentangan* (paradoks, antithesis, oksimoron, kontradiksi interminus,

lan anakronisme), (4) majas *sindiran* (ironi, sarkasme, sinisme, satire, lan innuendo).

### METODHE PANLITEN

Panliten kanthi irah-irahan Campur Kode lan Alih Kode Sajrone Novel Nglari Woting Ati Anggitane Fitri Gunawan kalebu jinis panliten kualitatif sing asipat dheskriptif. Bogdan lan Taylor (1992:54) ngandharake metodologi kualitatif minangka prosedur panliten sing ngasilake dhata dheskriptif arupa tembung-tembung katulis utawa lisan saka wong-wong lan perilaku sing bisa diamati. Miturut Moleong (2008:06) panliten kualitatif yaiku panliten sing nduweni maksud kanggo mangerteni kedadeyan ngenani apa sing dialami subjek panliten, tuladhane yaiku tumindak, motivasi, *presepsi*, tindakan, lan sapanunggalane, kanthi holistik lan kanthi dheskripsi sajrone wujud tembung-tembung lan basa sajrone konteks khusus sing alamiah lan kanthi nggunakake metodhe ilmiah.

Dhata yaiku bab sing ngandut lan nduweni gegayutan langsung karo masalah sing dimaksud (Sudriyanto, 1992:5). Dhata sajone panliten iki yaiku dhata tulis arupa tuturan sing ngandut campur kode lan alih kode sing digunakake para paraga sajrone novel Nglari Woting Ati anggitane Fitri Gunawan. Dene Sumber Dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku novel Nglari Woting Ati anggitane Fitri Gunawan, cetakan ke-2 taun 2015, kandhel 222 kaca.

Metodhe minangka cara kanggo nyedhaki, ngamati, nganalisis, lan ngandharake sawijine kedadeyan (Harimurti Kridalaksana,

2001: 136). Pangumpulan dhata sajrone Teknik pangumpulan dhata sing digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake metodhe simak. Metodhe simak utawa nyimak, amarga arupa nyimak, dilakokake kanthi nggunakake basa (Sudaryanto, 2015:2). Teknik dhasar utawa cra dhasar sing digunakake yaiku teknik pustaka, dene teknik sabanjure yaiku nggunakake teknik catat. Metodhe simak kanggo mbantu nggoleki dhata tulis kanthi nggunakake teknik pustaka, yaiku nggunakake sumber tulis kanggo nggolek dhata (Edi Subroto, 1992: 42). Lumantar metodhe simak iki panulis ngamati panganggone campur kode lan alih kode sajrone novel Nglari Woting Ati banjur dibacutake kato teknik catat. Teknik catat yaiku nyatet dhata kanthi nggunakake alat tulis tartamtu lan bisa dideleng minangka teknik lanjutan (Sudaryanto, 2015:55). Panganggone teknik catat yaiku dhata dicatet sajrone kartu dhata kanthi menehi tanda lengkap kang magepokan karo kabutuhan lan masalah sing diteliti saengga nggampangake kanggo nggolongake dhata lan nganalisis dhata.

Minangka gegambaran saka kajian analisis campur kode kasebut, panliten iki nggunakake instrumen nganalisis dhata nggunakake tabel. Bab iki nduweni tujuan supaya nggampangake proses nglasifikasikake dhata.

## ANDHARAN

Sajrone bab IV iki bakal dibahas ngenani telung bab, yaiku (1)Kaya ngapa modhel variasi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan, (2)Wujud campur kode kaya ngapa kang ngrenggani interaksi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan, lan (3)Kepriye modhel gaya basa kang ana ing

novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.

### 4.1 Modhel Variasi Basa ing Novel Nglari Woting

Ing ngisor iki bakal diandharake variasi basa kang arupa alih kode ing Novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.

- (1) Dini : “*Sorry*, Tom, satenane *sorry much*. Ora kok ngapa. Ning, iki lagi ana jejibahan kanggo ngurus *kolom-kolom ing penelitian. Penelitian action research* sing manggon ing Pakudewo!”

Tomi : “O kuwi ta Mbak, rakyó bisa rampung bar saka kana? **Menawi Panjenengan ngersakake**, aku gelem ngewangi. Piye Mbak?” (kaca 132)

Dhata (1) ing dhuwur, alih kode ana ing tuturan paraga Tomi. Dhata kasebut nyritakake yen Tomi arep ngejak Dini menyang desa kanggo ndelok tanah kanggo ngadhekake universitas kaya apa sing dikarepake Bapake Dini. Nanging Dini isih ing urusane yaiku repot kanggo ngrampungake panlitene. Ing kono Tomi niat mbantu Dini kanggo ngrampungake pakaryane supaya cepet mari lan gage menyang Desa kanggo ndelok tanah kasebut. Alih kode kasebut minangka alih kode intern (*internal code switching*), mula-mula mitra tutur Tomi nggunakake basa Jawa ragam ngoko banjur nggunakake basa Jawa ragam krama. ‘menawi Panjenengan ngersakake’. Fungsi alih kode panutur kasebut yaiku kanggo ngormati mitra tutur (Tomi) kanthi cara nggunakake alih kode

tuturan basa Jawa ragam krama. Alih kode sajrone tuturan Dini iki minangka alih kode kang asipat positip, utawa ora ngganggu proses cecaturan.

(2) Bu Larasati : “Lho saiki jam pira? Kok ayame wis banter olehe kluruk.”

Dini : “**Menika dipriksani ing tembok**, iki mono wis shubuh. Mula ayame wis padha tangi”. (kaca 216)

Dhata (2) kasebut ana alih kode sajrone tuturan paraga Dini. Ing dhata kasebut kacritakake yen Bu Larasati isuk-isuk takon jam pira menyang anake amarga nggumun kok yahmono ayam ing sakupenge omahe wis kluruk, banjur Dini minangka anake sing ditakoni ibuke mangsuli kanthi wangsulan ‘menika dipriksani ing tembok, wis Subuh. Sajake, jago kewaregen kae, yahmene gelem kluruk’. Alih kode ing kono minangka alih kode intern (*internal code switching*). Mula-mula Dini nggunakake basa Jawa ragam ngoko sajrone tuturane, banjur nggunakake basa Jawa ragam krama ‘menika dipriksani ing tembok’. Fungsi alih kode ing tuturan kasebut yaiku kanggo nuduhake rasa kurmat panutur (Dini) marang mitra tutur (Bu Siti). Alih kode sajrone tuturan Dini kasebut minangka alih kode kang asipat positip, tegese ora ngganggu cecaturan.

(3) Pak Cremeers : “Sing digoreng iki jenenge apa Mommy?”

Bu Cremeers : “Sing masak Dini, apa Din, jenenge?”

Dini : “*Terserah*, yen na omah ya dakarani perkedel jagung manis!”

Pak Cremeers : “*Delicious!*”

Dini : “*Thank you.*”

(kaca 57)

Dhata (3) kasebut, alih kode ana ing tuturan paraga Dini. Dhata kasebut nyaritakake yen Pak Cremeers nggumun ngenani masakan sing dimasak, mula-mula Pak Cremeers nyangka yen sing masak panganan kuwi bojone, banjur dheweke takon marang bojone jenenge panganan kasebut apa. Bu Cremeers mangsuli yen sing masak Dini, banjur nakokake jeneng panganan kasebut ing Dini. Banjur Dini mangsuli yen jeneng panganan kuwi dijenengi perkedel jagung manis. Sawise Pak Cremeers krungu wangsulane Dini, dheweke langsung ngalembono masakane yen masakane *delicious*. Banjur Dini mangsuli ‘thank you’. Alih kode kasebut minangka alih kode ekstern (*eksternal code switching*), Dini nggunakake alih kode kanggo ngimbangi tuturan panutur (Pak Cremeers) kang ing pungkasan dhialog nggunakake basa Inggris ‘delicious’, banjur dini mangsuli nggunakake basa Inggris pisan ‘Thank you’. Fungsi alih kode mitra tutur (Dini) yaiku kanggo ngormati mitra tutur lan nyelarasake basa kang digunakake panutur (Pak Cremeers). Alih kode ing dhata (3) iki asipat positip, tegese ora ganggu proses pacaturan.

(4) Dini : “*I see* Ir, wis entek rong dolar, sungkemku aturna Ibu, ya?”

Irawan : “*Sure!* O iya, wis sambang nyang Kanada?”

Dini : “Durung kober, ning mesthi! Wis ya *get touch and take care*, ir!”

Irawan : “*See you later Din, my love*” (kaca 78)

Dhata (4) kasebut, alih kode ana ing tuturan paraga Dini. In dhata kasebut

kacritakake yen Dini lagi tilpunan karo Irawan. Posisine Dini lagi ing Washington guna ngrampungake kuliyaha. Dini pikantuk beasiswa S3 Psikologi ing Washington. Nalika iku, Dini lagi wae mbayar piranti kanggo nyengkuyung kuliyaha. Banjur bojone, Irawan ngongkon Dini supaya iso ngatur dhuwite, lan Dini mangsuli iya lan wis entek rong dolar, Dini uga njaluk salamno marang Ibune. Banjur Irawan nakoki apa wis sambaing menyang Kanada?. Banjur Dinni mangsuli durung, ning ya mesthi rana. Ing Kanada ana kulawargane saka Parikesit, yaiku Pak Cremeers lan bojone. Alih kode kasebut minangka alih kode ekstern (*eksternal code switching*), Irawan nggunakake alih kode kanggo ngimbangi tuturan panutur (Dini) kang ing pungkasan dhialog nggunakake basa Inggris ‘*get touch and take care*’, banjur Irawan uga mangsuli nggunakake basa Inggris ‘*See you later Din, my love*’. Fungsi alih kode mitra tutur (Irawan) yaiku kanggo ngormati mitra tutur lan nyelarasake basa kang digunakake panutur (Dini). Alih kode ing dhata (3) iki asipat positip, tegese ora ganggu proses pacaturan.

#### **4.2 Wujud Campur Kode Kang Ngrenggani Interaksi Basa ing Novel Nglari Woting Ati**

Unsur kebahasaan sing ana sajrone campur kode isa dibedakake dadi enem jinis, yaiku tembung, frasa, baster, tembung rangkep, idiom, lan klausa. Ing ngisor iki dhata campur kode tembung ing Novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan.

(5) Irawan :“Dini, kekasih mami, dakkandhani ya, yagene ta, Kowe duwe pakulinan anyar menyang rana-

rene, mung karo anak-mu, njur ponsel mbok*off*-ke, kamar mbokkunci, telpun paralel diarahke nyang kamar. Saengga yen tilpune bengok-bengok ora ana sing ngangkat?”(kaca5)

Dhata (5) ing ndhuwur nyritakake yen Irawan lagi cecaturan karo Dini. Wiwitane Irawan kebingungan nggoleki Dini amarga tilpune di-*off*ke. Dini pancen nduwe pakulinan kaya mangkono nalika nandhang susah. Nalika iku, dheweke nandhang susah amarga bingung, dhekan ing kampuse njaluk Dini sing maju kanggo njupuk beasiswa S3 psikologi ing Washington amarga mung dheweke sing bisa ngleksanani beasiswa iku. Nanging Dini emoh, amarga dheweke emoh pisah karo kulawargane lan anak lanange, banjur dheweke bingung lan niat nggolek pepadhang kanthi mlaku-mlaku ing alun-alun karo anake. Nalika dheweke mlaku-mlaku dheweke uga mateni hpne supaya ora ana wong sing ganggu. Banjur Irawan wis bisa nemokake bojone, dheweke ngomong marang bojone yen bojone saiki nduweni pakulinan anyar yaiku mlaku-mlaku kanthi mateni hp, lan ngunci kamar banjur tilpun pararel omahe diarahake ing kamar saengga yen ana wong tilpun dadi ora ana sing ngangkat. Dhata kasebut nuduhake yen ana pristiwa campur kode tembung tembung sing ditandai kanthi anane unsur basa Inggris ‘*off*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘*off*’ ing kono nduweni teges mati, dadi Dini ora nguripi hp-ne. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini).

(6) Irawan :“Ya merga kowe *escape* iku lho, aku bingung nggoleki! Ngerti ta,

Kowe? Pak Dhekan bingung nggoleki, nganti telepon menyang kantorku!”(kaca5)

Dhata (6) nggambarake yen Irawan nguntapake bingunge marang bojone. Bojone digoleki Pak Dhekan amarga arep ngareh-areh bojone supaya gelem ngenyangi beasiswa S3 Psikologi ing Washington. Nanging Dini malah mateni hpne banjur mlaku-mlaku menyang alun-alun karo anake. Nalika Irawan wis bisa ngubungi Dini, dheweke langsung omong yen amarga dheweke *escape* dadi bingung nggoleki, amarga Dini digoleki wong akeh, nganti Pak Dhekan tilpun menyang kantore Irawan. Dhata kasebut minangka bukti yen ana campur kode tembung sing ditandai kanthi anane unsur basa Inggris ‘*escape*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini). Maksud sajrone tuturan Irawan yaiku amarga Dini lunga ora ngomong-ngomong, akeh wong sing padha nggoleki. Kanggo nggampangake nyampekake maksud sajrone tuturan iku, Irawan nganggo tembung ‘*escape*’ kang ateges lunga.

(7) Irawan :“Yen pancen ora nduwe karep kang gumathok, yagene ponsel *off*? Telepon ngomah dilokalisir?” (kaca5)

Dhata (7) minangka dhata campur kode tembung sing kathithik amarga anane unsur basa Inggris ‘*off*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘*off*’ kasebut nduweni makna mati, kang ateges hp-ne mati ora kena diubungi. Ing dhata kasebut kacritakake yen Irawan lagi bingung lan nuturi Dini amarga bojone wis gawe bingunge wong akeh nganti dadi golek-

golekane wong akeh. Wiwitane dheweke rada nesu karo bojone lan nakoni apa karepe kok bojone tumindak sakarepe dhewe. Dheweke nakoni apa kang dadi kekepareane bojone kokponsele nganti di pateni lan tilpun ing omahe dilokalisir. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini).

(8) Irawan :“Olah-oleh bae, yen sesuk isuk kudu *dead-line* pendhaftaran studi atas beasiswane *USAID (United States Agency for International Development, utawa Badan Pembangunan Internasional duweke AS)*!” (kaca5)

Dhata (8) nggambarake nalika isuk-isuk, atine Dini wis rada kebuka ngenani beasiswa psikologi ing Washington, dheweke langsung ngomong karo bojone saperlu njaluk ijin. Irawan kang menahi wanguylan marang Dini ngenani ijin kang ditakokae Dini. Bojone njaluk ijin menyang dheweke kanggo dhaftar beasiswa S3 ing Washington. Banjur Irawan menahi ijin marang bojone. Unsur campur kode tembung ditandai kanthi anane unsur basa Inggris ‘*dead-line*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘*dead-line*’ nduweni teges watesan wektu. Dadi Irawan menahi ijin kanggo Dini yen sesuk isuk arep ngumpulake pendhaftaran beasiswa S3 sing wis ana watesan wektune. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini).

(9) Irawan :“Sapa ngerti sumpeg atimu, nggondhok karo aku utawa arep *sharing* ora ana wektu, banjur anakmu mbokjak mabur, arep wadul marang

wong tuwa pepundhen. Rak ora mokal, ta?” (kaca6)

Dhata (9) nyritakake yen Irawan lagi nyoba ngareh-areh bojone supaya ora nesu maneh. Ing kono Irawan pengin bojone supaya yen nalika ana masalah, bojone ora kok malah arep wadul marang wong tuwane. Nanging, Irawan ngongkon luwih apike yen bojone crita dhisek marang dheweke, ora kok langsung wadul marang won tuwane. Supaya kasedhiane utawa sumpege atine Dini isa ditanggung bareng-bareng karo sisihane. Bab kasebut nudhuhake campur kode amarga ana unsur basa Inggris ‘*sharing*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘*sharing*’ kasebut nduweni teges bagi. Dadi karepe Irawan yaiku ngongkon bojone kanggo bagi crita marang dheweke, supaya bisa nemokake solusine bareng-bareng. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini).

(10)Dini :“Lha, kok, ora pisan, mengko banjur kareben *diwanted*, ngono!” (kaca7)

Dhata (10) nyritakake yen Dini nesu karo bojone, nalika dheweke digoleki Irawan saperlu ngareh-areh supaya gelem ngenyangi jatah S3 Psikologi ing Washington. Irawan ngomongi Dini supaya ora grusa-grusu nindakake samubarang, aja seneng ngilang yen ana masalah, mengko le kana sing gawe pengumuman ilange bojone lakya lucu. Irawan coba nggodha lan ngareh-areh bojone supaya ora nesu. Banjur Dini ngentahi karo wangsulan lha kok ora pisan karebe ben digoleki wong akeh. Sajrone dhata kasebut ana campur kode tembung amarga ana unsur basa Inggris

‘*diwanted*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘*diwanted*’ nduweni teges digoleki. Dadi ing kono maksude Dini yaiku lha kok ora pisan nggawe pengumuman, supaya kabeh wong padha nggoleki. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini). Irawan lan Dini kalebu wong sing pinter sing nalika kuliyah mbiyen ana ing luwar negeri. Mula saka iku, kalorone titik akeh wis kulina nggunakake tembung-tembung saka basa asing sajrone tuturane. Bab kasebut amarga kanggo nggampangake nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(11)Bu Larasati :“*Well, I am afraid her!* Durung cetha juntrunge piye, mesthi *dijustificasi* dhisik!” (kaca7)

Dhata (11) ngandharake nalika Dini metu saka omahe kanthi ora pamit sapa-sapa lan hp ne di pateni amarga dheweke pengin metu kanggo ngadhemake pikirane sing lagi bingung. Nalika iku Dini digoleki wong akeh nganti Irawan tilpun takon menyang Ibune kepriye anggone nggoleki sisihane kasebut. Banjur Bu Larasati menehi piweling yen aja teledor njupuk kaputusan. Kabeh kudu dipikirake dhisik kanthi tenanan. Campur kode tembung ing dhata iki bisa kathithik saka anane unsur basa Indonesia ‘*justifikasi*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini). Tembung ‘*justifikasi*’ ing kono nduweni makna putusan. Ing dhata kasebut Bu Siti minangka ibune Irawan ngomong menyang Irawan yen ora oleh teledor njupuk kaputusan, amarga juntrungane kahanane wae sik durung cetha.

(12) Bu Larasati :“Biyuh, ya wis! Suk meneh, yen lunga ponselmu aja dioffke, supaya sisihanmu weruh panggonanmu ing ngendi! Jare Pak Dhekan nggoleki Kowe, apa bener?” (kaca13)

Dhata (12) ngandharake nalika Bu Larasati lagi cecaturan karo anake. Anake, Dini lagi nandhang bingung amarga dhekan ing kantore, ngutus dheweke kanggo ngenyangi beasiswa ing Washington. Nanging dheweke emoh adoh saka kulawargane Dheweke pengin ngadhemake pikiran lan ora diganggu sapa-sapa dhisik. Nanging Bu Larasati nduwe kekarepan bedha, dheweke pengin anake yen ana masalah ora kok malah mlayu saka masalah lan mateni hpne, amarga bisa gawe bojone bingung. Irawan wis bingung kepriye anggone nggoleki bojone. Dhata kasebut ana pristiwa campur kode tembung amarga ana unsur basa Inggris ‘off’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘off’ kasebut nduweni makna mati, ateges Bu Larasati njaluk anake ora mateni hpne. Fungsi campur kode tembung kasebut yaiku kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur (Irawan) marang mitra tutur (Dini).

(13) Bu Larasati :”Kabeh kowe dhewe sing wenang nemtokake, budhal becik, ora budhal ya ora apa-apa. Awit kabeh mau kanggo tembe mburimu dhewe, dudu sapa-sapa mung siji Din, panjalukku! Aja nganti Kowe owel marang samubarang kang wis koktetepake. Kowe kudu *ikhlas*, *konsekuen*, lan *konsisten*. Ngerti, Din?” (kaca14)

Dhata (13) nyritakake nalika Bu Larasati menehi tuturan marang Dini. Nalika iku, Dini lagi bingung amarga oleh jatah beasiswa ing Washington nanging dheweke ora pengen ngenyangi amarga ora pengen adoh saka kulawargane. Nanging Pak Dhekan ing kantore ngeyel tetep njaluk Dini budhal ing Washington. Banjur Bu Larasati menehi tuturan marang anake yen kabeh keputusane ana ing anake, yen budhal ya becik, yen ora budhal ya ora apa-apa. Amarga kabeh iku mau kanggo Dini dhewe. Bu Larasati uga menehi piweling yen Dini kudu bisa *ikhlas*, *konsekuen*, lan *konsisten* marangb apa sing ditindakake. Campur kode ing dhata kasebut ana 3 campur kode tembung. Kapisan yaiku anane unsur basa Arab ‘*ikhlas*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung *ikhlas* asale saka basa Arab *khalasha-khulusha-khilasha* kang nduweni makna resik, murni. Dene makna tembung *ikhlas* ing dhata kasebut yaiku legawa. Legawa kanggo nrima kahanan sing dilakoni Dini saiki. Kaloro yaiku anane unsur basa Indonesia ‘*konsekuen*’. Sajrone dhata (9) kasebut, tembung *konsekuen* nduweni makna ora nyimpang saka kaputusan sing wis dipilih. Campur kode tembung katelu yaiku amarga ana campur kode saka basa Indonesia ‘*konsisten*’ menyang basa Jawa. Tembung *konsisten* iki nduweni makna ajeg nglakoni pakaryan sing dilakoni kanthi tenanan. Fungsi campur kode tembung-tembung kasebut yaiku fungsi *prestise*, yaiku kanggo nuduhake kapinteran, nuduhake idhentitas pribadi panutur.

(14) Pak Budi Utomo :”Iya, jare putrane Pak Edi Sugriwa ra isa budhal, mbok menawa bisa diganti Dini! Nalika tes biyen, *conversatione* Dini

apik dhewe, mula nalika Dik Sis takon pamrayoga ya dakusulke Dini! Jebul putrane Mbak Laras!” (kaca22)

Dhata (14) ngandharake nalika Pak Budi Utomo lagi tilpunan karo Bu Larasati saperlu mbahas ngenani asil seleksi kang dianakake ing Surabaya. Pak Budi Utomo nyampekake maksud yen ana salah sijine calon sing lulus seleksi kang ora isa budhal, banjur dheweke njaluk Dini bisa ngganteni wong sing ora isa kasebut, amarga nalika tes nilaine Dini apik dhewe. Dhata ing dhuwur nuduhake yen pristiwa campur kode tembung amarga ana unsur basa Inggris ‘*conversatione*’ sajrone tuturan basa Jawa. Tembung ‘*conversatione*’ nduweni teges percakapan. Tegese, Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur.

(15) Bu Larasati : “Wis, ora usah! Anakku dak kon ning ngomah bae! Panjenengan rak ya ngerti, sadurunge tes, sapa calone wis dipilih, meh kabeh putrane penggedhe! Kurangane lagi njupuk saka dhaerah. Dadi tes lan seleksi iku rak ya kaya mung formalitas! Kok mentalane, wong semono kehe, seka 37 Kabupaten/ Kotamadya pisan, keraya-roya menyang Surabaya, mung dipameri dhagelan! Apa ora kebangeten, ngono kuwi? Dadi njenengan njenengan leh ngetes-ngetes bocah-bocah kae mono ora ana gunane! E *sorry*, ya ana gunane mung proporsine bocah kang kajupuk kari pira. Wong jatah cah 50 lho, wis dijupuk putra-putrine penggedhe ana 20, dadi kari pira? Tiwas nyambut

gawe nggethu, bul ora diajeni. Bab ngono iku sulaya lan cengkah karo atiku.” (kaca 22-23)

Dhata (15) kasebut nuduhake anane campur kode tembung amarga ana unsur basa Inggris ‘*e-sorry*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi alih kode iki kanggo nggampangake nyampekake maksud tuturan.

(16) Bu Larasati “Sokur! Akeh, ta, wong seneng lan melu teori mau, ning akeh sing nglalekake yen temon asil panalitene Clelland ing *Negara Berkembang* mono nyedhikake! Jerene, ing negaara sing lagi mbangun, utawa *Negara Berkembang*, akeh wong sing *need for power* utawa pepenginane supaya bisa kuwasa gedhe, ning carane nggayuh ora kanthi *need for achievement*, nanging nggunakake *need for affiliation*, sesambungan becik, paseduluran, lan kekancan! Mula wekasane akeh wong sing dha nggunakake kancaisme utawa NKK alias nata kanca-kanca, krooni, kang disubya-subya kaya dene dewa!” (kaca23-24)

Dhata (16) kasebut ngandhut 4 campur kode frasa. Campur kode kapisan yaiku anane unsur basa Indonesia ‘*Negara Berkembang*’ sajrone tuturan basa Jawa. Campur kode kaloro nganti katelu yaiku amarga anane unsur basa Inggris ‘*need for power*’, ‘*need for achievement*’, lan ‘*need for affiliation*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut yaiku kanggo nggampangake maksud panutur. Ing kono dicritakake yen Bu Larasati lagi mangkel karo kancane amarga kancane sing



kalebu juri kanggo manitai penerima beasiswa dianggep ora *objektif* nalika njuri.

(17) Pak Budi Utomo : “Aku ora anti paseduluran utawa sapa bae kang nedya mbangun jaringan! Wong nyatane bangsa maju uga ngakoni *referensi*. Ning *referensi* rak bedha ta karo kancaisme?” (kaca24)

Dhata (17) ing ndhuwur kalebu dhata campur kode tembung, amarga ana unsur basa Indonesia ‘*referensi*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi alih kode kasebut kanggo nggampangake maksud panutur.

(18) Bu Larasati : “Lha, ya bedha seru, ta! *Reference* mono obyektif, lho! Ora adhedhasar kanca apa sedulur, ning *kompetensi* lan *kapasitas* kerja” (kaca24)

Dhata (18) ing ndhuwur ngemot 3 campur kode tembung. campur kode kapisan yaiku amarga anane unsur basa Inggris ‘*reference*’ sajrone tuturan basa Jawa. Dene campur kode kaloro lan katelu amarga anane unsur basa Indonesia ‘*kompetensi*’ lan ‘*kapasitas*’. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(19) Bu Larasati : “Lha iya, mula kuwi ! utawa ceplose luwih menyang ngaji pumpung, pumping kuwasa, pumping ana kalodhangan, pumping kae kancaku, sedulurku. Lha yen ngono, kapan wong cilik nggone bisa ngakses utawa ngrasakake manfaate asil pembangunan? Lire, kawicaksanan kang jare mihak marang wong *miskin* iku lagi winates ing *eforia*, wacana, lan

*jargon* thok! Mula iku yen carane isih rusuh lan ora *fair* ngono iku, aku kok rada ora sreg. Ora ateges aku sumucimuci, lho ya!” (kaca24)

Dhata (19) ana 4 campur kode tembung. campur kode kapisan nganti katelu yaiku amarga anane unsur basa Indonesia ‘*miskin*’, ‘*eforia*’, lan ‘*jargon*’ sajrone tuturan basa Jawa. Dene campur kode kapapat amarga anane unsur basa Inggris ‘*fair*’. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(20) Pak Budi Utomo : “Suwun ya, *you give us attention!* Donga-dinonga bae ya?” (kaca25)

Dhata (20) ngemot campur kode frasa amarga anane unsur basa Inggris ‘*you give us attention*’. Fungsi campur kode kasebut kanggo nuduhake kapinterane panutur (Pak Budi Utomo) marang mitra tutur (Bu Larasati). Amarga wong loro iki kagolong wong sing pendhidhikane dhuwur.

(21) Bu Larasati : “Iya, wis, ya! *Get touch and care!*” (kaca25)

Dhata (21) ngemot campur kode frasa amarga anane unsur basa Inggris ‘*Get touch and care*’. Fungsi campur kode kasebut kanggo nuduhake kapinterane panutur (Pak Budi Utomo) marang mitra tutur (Bu Larasati). Amarga wong loro iki kagolong wong sing pendhidhikane dhuwur.

(22) Dini : “Ning rumangsaku lho ya, idhealismene ibu ki awit pancen warisan *herediter*, uga seka dayane lingkungan barang, kok! Ngendikane yangku, Yang Kakung ki ing bab

paugeraning urip uga kaku ngono iku!”  
(kaca27)

Dhata (22) ngemot campur kode tembung amarga anane unsur basa Inggris *'Herediter'*. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake nyampekake maksud panutur marang mitra tutur.

(23)Dini : “Bener! Nalika menang sidhang lan bapake luput saka paukuman, anake ditukokake jaran poni dening Mbah Kakunge. Ning minangka *pakar hukum* kang mbela jejeging adil, dheweke nlusur bukti menyang Jerman, nggoleki *Music Box*. Pranyata ing njerone sumimpen foto-foto minangka bukti kejahatane Bapake mau, *unhappy ending!*”  
(kaca27-28)

Dhata (23) ana 3 campur kode frasa. campur kode kapisan yaiku amarga anane unsur basa Indonesia *'pakar hukum'* sajrone tuturan basa Jawa. Dene campur kode kaloro lan katelu amarga anane unsur basa Inggris *'music box'* lan *'unhappy ending'*. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(24)Dini :”Lha ya film-film ngono-ngono kuwi lho sing disenengi Ibu. Kang dadi fokus dudu kekerasane ning *supremasi* ukume!” (kaca28)

Dhata (24) ing dhuwur ngandhut campur kode tembung amarga anane unsur basa Indonesia *'supremasi'* sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(25) Irawan : “Din, Kowe ki, ngapa? Aja nangis, lho! Lan aja kuwatir, wis dakkirim mrono kok fotone Arda, klebu CD sing isi rekaman *digitale!* Nggonku ngirim wingi, entenana bae!”  
(kaca40)

Dhata (25) ngandhut campur kode tembung amarga anane unsur basa Indonesia *'digitale'* sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(26)Dini : “Aman, akeh *literatur* sing sakjane aku wis duwe, kepeksa tuku meneh!” (kaca40)

Dhata (26) nudhuhake anane campur kode tembung amarga ana unsur basa Indonesia *'literatur'* sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(27)Irawan : “Ora papa, yen *unit cost-e* beasiswamu ana uang buku, ya kudu ana bone, lho!” (kaca40)

Dhata (27) nudhuhake campur kode tembung amarga anane unsur basa Inggris *'unit cost'* sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(28)Dini : “*I see* Ir, wis entek rong dolar, sungkemku aturna Ibu, ya?”  
(kaca40)

Dhata (28) nudhuhake campur kode tembung amarga anane unsur basa Inggris *'I see'* sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur

(29) Irawan : “**Sure**, o iya, wis sambaing nyang Kanada?” (kaca40)

Dhata (29) nudhuhake campur kode tembung amarga anane unsur basa Inggris ‘*sure*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(30) Dini : “**Bingo!** Kowe mesthi Mas Rudi, Rudianto Kusumoatmojo, teknik kelautan ITS (Institut Teknologi Surabaya), iya ta?” (kaca43)

Dhata (30) nudhuhake campur kode tembung amarga anane unsur basa Inggris ‘*bingo*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(31) Rudi : “**Good**, sokur wise ling!” (kaca43)

Dhata (31) nudhuhake campur kode tembung amarga anane unsur basa Inggris ‘*good*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(32) Rudi : “**Sure**, pranyata memorimu ora **error!**” (kaca43)

Dhata (32) ana 2 campur kode tembung. Campur kode kasebut amarga anane unsur basa Inggris ‘*sure*’ lan ‘*error*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(33) Dini : “Ora **error** piye, malah **hang**, je, **blank!** He Mas, piye kabare, Kowe ya isih mbegidag?” (kaca43)

Dhata (33) ana 3 campur kode tembung. Campur kode kasebut amarga anane unsur basa Inggris ‘*error*’, ‘*hang*’ lan ‘*blank*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(34) Rudi : “Adhuh Din, suwe ra pethuk lho, **kejamnya** dikau! Yen ngundhang aku kok mesthi nganggo gelar iku ta ya?” (kaca43)

Dhata (34) nudhuhake campur kode tembung amarga anane unsur basa Indonesia ‘*kejamnya*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(35) Dini : “Iya, ana ing Manila! Hebat Mas, Sampeyan! Telung taun S2 lan S3 lho, isih turah telung sasi! Kathik ing Boston pisan, kang mujudake salah siji seka **the big ten** Perguruan Tinggi kang onjo ing Amerika!” (kaca44)

Dhata (35) nudhuhake campur kode frasa amarga anane unsur basa Inggris ‘*the big ten*’ sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut kanggo nggampangake panutur nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur.

(36) Dini :” **Sorry**, Tom, satenane **sorry much**. Ora kok ngapa. Ning, iki lagi ana jejabahan kanggo ngurus **kolom-kolom** ing **penelitian**. **Penelitian action research** sing manggon ing Pakudewo!” (kaca 132)

Dhata (36) kasebut ana 5 pristiwa campur kode. campur kode kapisan yaiku campur kode tembung sing kathithik saka anane unsur basa

Inggris 'sorry' sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut yaiku kanggo nggampangake maksud panutur marang mitra tutur. Dene campur kode kaloro yaiku campur kode frasa sing kathithik saka anane frasa basa Inggris yaiku 'sorry much' sajrone tuturan basa Jawa. Campur kode kasebut nduweni fungsi kanggo nggampangake maksud panutur marang mitratutur. Campur kode katelu yaiku campur kode reduplikasi sing kathithik saka anane unsur basa Indonesia 'kolom-kolom' sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut yaiku kanggo nggampangake tuturan marang mitra tutur.

Campur kode kapapat yaiku campur kode tembung sing kathithik saka anane unsur basa Indonesia 'penelitian' sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut yaiku kanggo nggampangake cecaturan marang mitra tutur, saengga mitra tutur bisa mangerteni apa sing dimaksud panutur. Campur kode kalima yaiku campur kode klausa baster sing kathithik saka anane unsur basa Indonesia lan basa Inggris menyang tuturan basa Jawa yaiku 'penelitian action research'. Fungsi campur kode klausa baster iki yaiku kanggo nggampangake proses cecaturan antarane panutur lan mitra tutur. Saengga, mitra tutur bisa mangerteni apa sing dimasuk panutur.

(37) Bu Larasati : "Yen kowe njupuk beasiswa iki, dak rasa bakal an apik ing **masa dhepanmu**. Kabeh mono kalebu perjuwangan kanggo nggolek urip mulya" (kaca 5)

Dhata (37) ing dhuwur ana pristiwa campur kode idiom sing kathithik saka anane unsur basa Indonesia 'masa dhepan' sajrone tuturan basa

Jawa. Fungsi campur kode kasebut yaiku kanggo nggampangake proses cecaturan antarane panutur (Bu Larasati) karo mitra tutur (Dini).

(38) Anita : "Ya mesthi.. Wong **panjenengan** wis biyasa nganggo computer, jarang anggone maca koran. Perjal kuwi; **perempuan jalanan!** (kaca 186)

Dhata (38) ing dhuwur ana 2 pristiwa campur kode. Kapisan yaiku campur kode tembung kang kathithik kanthi anane unsur basa Jawa ragam krama 'panjenengan' sajrone tuturan basa Jawa ragam ngoko. Sajrone campur kode kasebut nduweni fungsi yaiku tingkat tutur sajrone basa Jawa. Amarga mitra tutur (Bu Larasati) kagolong wong sing dikormati panutur saengga nggunakake padanan tembung krama kanggo ngajeni utawa ngormati yaiku nggunakake tembung 'panjenengan'. Campur kode iki minangka campur kode positif, ateges ora asipat ngganggu sajrone proses komunikasi antarane panutur lan mitra tutur.

Campur kode kaloro yaiku campur kode idiom sing kathithik saka anane unsur basa Indonesia 'perempuan jalanan' sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode idiom kasebut yaiku kanggo nggampangake panutur (Anita) nyampekake maksud tuturan marang mitra tutur (Bu Larasati).

(39) Parikesit : "Ora ngono Mbak, ngen-ngenku. Bab iki kalebu bab wigati. Sing tak karepake, **kersoa, panjenengan** mbonceng aku menyang nggone Mas Suwardi?". (kaca 177)

Dhata (39) kasebut ana pristiwa campur kode klausa sing dithithik saka anane unsur basa

Jawa ragam krama '*kersoa, panjenengan*' sajrone tuturan basa Jawa ragam ngoko. Campur kode kasebut nduweni fungsi yaiku anane pengaruh ing tingkat tutur sajrone basa Jawa. Amarga mitratutur (Dini) yaiku wong sing dikormati panutur (Parikesit) saengga nggunakake kosakata ragam krama kanggo ngormati utawa ngajeni, yaiku nganggo '*kersoa, panjenengan*'.

(40) Irawan : "Aku ora ngerti babar blas, saka *data-data* sing mbok wenehna aku, ora ana jenenge Anita!" (kaca 180)

Dhata (40) kasebut ana pristiwa campur kode *reduplikasi* utawa tembung rangkep sing kathithik saka anane tuturan basa Indonesia '*data-data*' menyang tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode kasebut yaiku kanggo nggampangake proses komunikasi marang mitra tutur (Parikesit), amarga yen nggunakake basa Jawa dirasa luwih angel nemokake tembung sing trep. Campur kode iki minangka campur kode positif, ateges ora ngganggu proses cecaturane panutur lan mitratutur.

(41) Parikesit : "Semana uga *iklan-iklan* ing TV saiki wis ora genah. Kabeh mentingna awake dhewe-dhewe!" (kaca 98)

Dhata (41) kasebut ana pristiwa campur kode tembung rangkep utawa *reduplikasi* kang kathithik saka anane unsur basa Indonesia '*iklan-iklan*' sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode tembung rangkep iki yaiku nggampangake panutur nyampakake maksud marang mitra tutur.

(42) Dini : "Ya isa, Wara Muherdini, seniman *kelas kakap* je." (kaca 67)

Dhata (42) ngandhut campur kode tembung rangkep kang kathithik saka anane unsur basa Indonesia '*kelas kakap*' sajrone tuturan basa Jawa. Fungsi campur kode idiom kasebut yaiku kanggo nggampangake panutur nyampakake maksud tuturan marang mitra tutur.

### 4.3 Modhel Gaya Basa Ing Novel Nglari Woting Ati

Gaya basa minangka salah siji ciri sing wigati sajrone teks sastra. Gaya basa akeh digunakake ing teks sastra amarga nduweni fungsi kanggo menehi makna, menehi gambaran sing luwih cetha (Rachmat Djoko Pradopo, 1997:93). Maneka jinis majas sing digunakake pangripta sajrone novel Nglari Woting Ati anggitane Fitri Gunawan yaiku majas perbandingan, majas pertentangan, majas penegasan, lan majas sindiran.

#### 4.3.1 Simile

Simile utawa pepindhan yaiku ungkapan kanthi nggunakake perbandingan eksplisit sing diandharake nggunakake tembung '*kayata*'. Ing ngisor iki wujud majas simile sing ana ing novel Nglari Woting Ati

(43) Tingkahe wong penggedhe mono ora ana sing apikan, padha akeh sing julig lan culika, tur luwih-luwih kejeme wis **kaya iblis**, akeh kahanan sing dilalikna. Akeh bab sing diapusi, lan akeh janjine sing diblenjani. (kaca 5)

(44) Lakune manteb kaya pak Kyai sing mentas menehi ceramah. (kaca 25)

(45) Kadhang kala pamikiranane adhimu iku ora bisa dijak cepet, suwi banget wis **padha dene keong**. (kaca 170)

(46) Kahanane beda banget, nalika l;agi nunggu kabar, aku mikirake sing ora-ora, **kaya senam jantung**, saben wektu ora waleh ndeloki hp mbokmenawa ana kabar saka sisihanku. (kaca 160)

(47) Samarine sidhang, aku ora nduwe daya. **Kaya** wong sing ora duwe balungan. (kaca 145)

Gaya basa simile sajrone novel Nglari Woting Ati iki digunakake kanggo nggambarake kedadeyan kanthi gampang lan luwih cetha. Ukara ‘tingkahe wong penggedhe mono ora ana sing apikan, padha akeh sing julig lan culika, tur luwih-luwih kejeme wis **kaya iblis**, akeh kahanan sing dilalikna. Akeh bab sing diapusi, lan akeh janjine sing diblenjani’ ing dhata (43) kasebut kang nuduhake majas simile yaiku ukara kasebut nggunakake tembung kaya iblis. Majas simile uga ana ing dhata (44) yaiku ing ukara ‘Lakune manteb kaya pak Kyai sing mentas menahi ceramah’. Ing ukara kasebut kang nuduhake majas simile yaiku nggunakake tembung ‘kaya’, ukara kasebut nggambarake nalika Fitri manteb milih pilihane kanggo njupuk beasiswa kuliyahe ing luwar negri. Majas simile uga ana ing dhata (45) Majas simile ing dhata iki bisa kathithik saka anane tembung ‘padha dene keong.’ Majas simile uga ana ing dhata (46) Dene ing dhata iki ana majas simile amarga ana tembung ‘kaya senam jantung’. Dhata (46) kasebut nyritakake nalika Fitri lagi bingung ngenani kahanane sisihane saiki, dheweke bingung lan ndredek sinambi nunggu kabar ngenani

sisihane. Majas simile uga ana ing dhata (47) yaiku amarga anane tembung ‘kaya’ nuduhake yen ana majas simile sajrone ukara kasebut. Dhata kasebut nggambarake nalika Fitri metu saka ruang sidhang ujian kanggo mungkasi kuliyahe ing luwar negeri.

#### 4.3.2 Metonemia

Metonemia yaiku wujud ungkapan arupa panggunaane jeneng kanggo barang liyane sing dadi merek, ciri khas, utawa atribut. Dhata metonemia sajrone novel Nglari Woting Ati, yaiku:

(48) Sepedhahe apik tenan, nganggo Tiger 2000 anyar, karo nganggo kaos abang lan clana ireng. (kaca 34)

(49) GL Pro mlaku, papane digenteni karo tukang ojeg liyane sing nganggo sepedha motor bebek. (kaca 35)

Ing dhata (48) lan (49) kasebut nggunakake gaya basa metonimia yaiku Tiger 2000 lan GL Pro langsung ngacu ing barang kang diarani sepedha motor mereke Tiger 2000 lan GL Pro. Mula saka iku sing dimaksud dhata ing dhuwur yaiku sepedha motor Tiger 2000 lan sepedha motor GL Pro.

#### 4.3.3 Hiperbola

Hiperbola yaiku cara nguntapake pamikir kanthi ngluwih-ngluwihake kasunyatan saengga kasunyatan kasebut kaya ora tinemu nalar. Gaya basa hiperbola iki digunakake dening pangripta kanggo luwih nengenake sawijine andharan, kaya dhata ing ngisor iki:

- (50) Kagete atiku kaya disamber bledheg, rasane meh ajur. (kaca 189)
- (51) Arepe Dini pintere sundhul langit, yen dheweke lagi kena musibah tetep ora bisa mikir. (kaca 156)
- (52) Sampeyan iku, arep gawe jantungku copot ta? Yen menahi kabar iku mbok kabar sing apik. (kaca 160)

Dhata (50) nganti (52) kasebut minangka gaya basa hiperbola. Ing dhata (50) ukara ‘kagete atiku kaya disamber bledheg, rasane meh ajur’ bab iki nuwuhake hiperbola, amarga ngluwih-ngluwihake kasunyatan, wong sing kaget digambarake kaya disamber bledheg. Ing dhata (51) tuturan ‘Arepe Dini pintere sundhul langit, yen dheweke lagi kena musibah tetep ora bisa mikir’ kalebu gaya basa hiperbola amarga Dini digambarake wong sing pinter banget nganthi pintere sundhul langit. Gaya basa hiperbola uga ana ing dhata (52) yaiku ing tuturan ‘Sampeyan iku, arep gawe jantungku copot ta? Yen menahi kabar iku mbok kabar sing apik’. Tuturan kasebut dianggep ngluwih-ngluwihake kasunyatan amarga ora ana wong sing kaget nganthi gawe jantungu copot.

#### 4.3.4 Personifikasi

Personifikasi yaiku ungkapan kanthi nggunakake barang mati utawa kang ora nduweni nyawa minangka manungsa. Personifikasi minangka perangan saka metafora sing punjere ana ing barang-barang mati kang nindakake, ngomong kaya manungsa (Dick Hartoko

lan Rahmanto sajrone Sumarlam, 2004:57). Kaya dhata ing ngisor iki:

- (53) Kahanane sepi, sing krungu mung lakune Irawan, utawa **godhong garing sing moyat-mayit dinggo dolanan angin**. (kaca 19)
- (54) Nalika Irawan lagi karo Dini ing kamar, **mbulan satugel mesem** kaya bisa nyawang wong loro kasebut lagi nguntabake rasa kangene. (kaca 24)
- (55) Wong loro lagi seneng-seneng nyuntak rasa kangene, **mbulan wulan iki katon mesem** (kaca 25)
- (56) Pak Cremeers langsung bali mulih tanpa ana wong sing ngeruhi dheweke mulih. Banjur wong-wong padha bingung olehe Pak Cremeers ilang tanpa kabar, ilang **diuntal wengi**. (kaca 57)

Gaya basa personifikasi ing novel iki ana ing dhata (53) nganti (56). Dhata (53) mujudake gaya basa personifikasi amarga ana ukara ‘godhong garing sing moyat-mayit dinggo dolanan angin’. Dhata (54) kalebu gaya basa personifikasi amarga ana tuturan ‘mbulan satugel mesem’. Ing dhata (55) tuturan kang nudhuhake gaya basa personifikasi yaiku ‘mbulan wulan iki katon mesem’. Gaya basa personifikasi uga ana ing dhata (56) ing tuturan ilang diuntal wengi.

#### DUDUTAN

Adhedhasar asil analisis lan jlentrehan ngenani modhel variasi basa, wujud campur kode, lan modhel gaya basa kang ana ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan,

ngasilake dudutan yaiku, kapisan modhel variasi basa arupa alih kode sajrone novel Nglari Woting Ati cacahé ana 4 alih kode. Yaiku ana 2 dhata alih kode *intern (internal code switching)* saka basa Jawa ragam Ngoko menyang basa Jawa ragam Krama. Lan ana 2 dhata alih kode *ekstern (eksternal code switching)* bhs inggris.

Kaloro, wujud campur kode sajrone novel Nglari Woting Ati ana 38 campur kode, campur kode awujud tembung cacahé ana 39 dhata, campur kode awujud frasa ana 11 dhata, campur kode awujud baster ana 1 dhata, campur kode awujud *reduplikasi* utawa tembung rangkep ana 3 dhata, campur kode awujud idiom ana 3 dhata, lan campur kode awujud klausa ana 1 dhata.

Katelu, modhel gaya basa kang ana sajrone novel Nglari Woting Ati yaiku ana 4, kapisan yaiku 5 dhata gaya basa simile, 2 dhata gaya basa metonemia, 3 dhata hiperbola, lan 4 dhata personifikasi.

## **PAMRAYOGA**

Panliten ngenani interaksi basa ing novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan iki isih akeh kekurangane. Panliten iki mung nliti babagan variasi basa mligine alih kode, campur kode, lan uga nliti ngenani gaya basa. Mula saka iku, isih ana kemungkinan tumrap panliti sabanjure kanggo nliti novel Nglari Woting Ati anggitané Fitri Gunawan saka bab sing bedha, kayata kajian stilistika kang mbahas ngenani aspek etimologis, lan sapanunggalane.

## **ATUR PISUNGSUNG**

Puja lan puji sokur katur dening Gusti kang Maha Kuwasa, amarga saka welas asihé artikel ilmiah kanthi irah-irahan ‘Interaksi Basa ing Novel Nglari Woting Ati Anggitané Fitri Gunawan’ bisa kasusun kanthi ora ana alangan apa-apa. Ora lali diaturna agunging samudra panuwun tumrap maneka pehak, yaiku:

1. Bapak Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd., minangka dhosen pembimbing skripsi.
2. Kulawarga kang tansah menèhi semangat kanggo ngrampungake artikel iki.
3. Dhosen-dhosen Jurusan Bahasa Dhaerah sing wis menèhi ilmu tumrap mahasiswa.

## **KAPUSTAKAN**

- Aminuddin. 1995. *Stilistika Pengantar Memahami Bahasa dalam Karya Sastra*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Aslinda, Leni Syafyahya. 2014. *Pengantar Sociolinguistik*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Basir, Udjang Pairin. 2010. *Sociolinguistik*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Basir, Udjang Pairin. 2016. *Studi Bahasa Sosial: Pengantar Kajian Sociolinguistik*. Surabaya: CV. Pustaka Ilalang Group dan Universitas Negeri Surabaya
- Bogdan, Robert lan Taylor. 1992. *Metode Penelitian Kualitatif*. Surabaya: Usaha Nasional.



- Chaer, Abdul & Agustina, Leonie. 2004. *Sosiolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dkk. 1995. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul lan Agustina L. 2010. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul lan Agustina L. 2010. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Kamus Besar Bahasa Indonesia* (edisi 3). 2005. Jakarta: Balai Pustaka.
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahasa* (cetakan XVI). Jakarta: PT Gramedia Pustaka Umum.
- Khikmah, Elyka. 2019. "Campur Kode Dan Alih Kode Pada Tuturan Kelompok Masyarakat Multilingual Di Kampung Inggris Pare Kediri." Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI Unesa.
- Khotimah, Ulfa Nur. 2018. "Campur Kode Peserta Penutur Bahasa Jawa Dalam Acara Stand Up Comedy Academy 3 Di Indosiar." Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI Unesa.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Wiwara Pengantar Bahasa dan Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Moleong, Lexy. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Mudlofar, M. 2014. *Pengantar Teori dan Aplikasi: Bahasa dan Sastra Indonesia*. Kudus: Mubarakatun Thoyyibah.
- Mushonif, Ahmad. 2014. "Cmpur Kode Dalam Komunikasi Berbahasa Indonesia Lisan Informal Masyarakat Eks-TKI Di Desa Sumurber Panceng Gresik." Skripsi tidak diterbitkan. Surabaya: JBSI Unesa.
- Nababan, PWJ. 1993. *Sosiolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nababan. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Depdikbud.
- Ohoiwutun, Paul. 2002. *Sosiolinguistik*. Jakarta: Kesaint Blanc.
- Ohoiwutun, Paul. 2002. *Sosiolinguistik: Memahami Bahasa dalam Konteks Masyarakat dan Kebudayaan*. Bekasi: Percetakan KBI.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1997. *Pengkajian Puisi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djooko. 1997. *Pengkajian Puisi Analisis Strata Norma dan Analisis Struktural Semiotik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Purnanto, Dwi. 2002. *Register Pialang Kendaraan Bermotor*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia. 2007. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Indonesia Yang*

- Disempurnakan.* Yogyakarta: Indonesiatara.
- Subroto, Edi. 1992. *Pengantar Metode Penelitian Linguistik Struktural*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Universitas Sanata Dharma.
- Sumarlam, dkk. 2004. *Teori dan Praktik Analisis Wacana*. Surakarta: Puspita Cakra Surakarta.
- Sumarsono, Pratana. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suwito. 1983. *Pengantar Awal Sosiolinguistik: Teori dan Problema*. Surakarta: Henary Offset Solo.
- Tamsin, dkk. *Campur Kode Tuturan Guru Bahasa Indonesia Dalam Proses Belajar Mengajar: Studi Kasus di Kelas VII SMP Negeri 20 Padang*. Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, Vol. 1 No.2 Maret 2013; Seri D 241-317. Diunduh saka <https://media.neliti.com/media/publications/118940-ID-campur-kode-tuturan-guru-dalam-proses-be.pdf>, tanggal 20 November 2019.
- Tarigan, Henry Guntur. 1988. *Pengajaran Kedwibahasaan*. Bandung: Angkasa Bandung.
- Verhar, J.W.M. 2010. *Asas-Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada Press.